



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU AVANSE TRANZISYON NEW YORK POU TRANSPÒ PWPÒP

Lejislasyon (S.8518A /A.6165A) ede retire baryè ki genyen nan enstalasyon estasyon rechaj veyikil elektrik yo

Estimile objektif Eta New York pou atenn 850,000 veyikil zewo emisyon disi 2025 ak pou tout nouvo veyikil pasaje yo pou yo se zewo emisyon disi 2035

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a lejislasyon ki pral avanse efò transpò pwòp lè li retire baryè nan enstalasyon estasyon rechaj veyikil elektrik sou pwopriyete prive. Lejislasyon an pral anpeche asosyasyon pwopriyete kay yo entèdi pwopriyete kay yo enstale estasyon rechaj yo sou pwopriyete prive yo pandan y ap pèmèt asosyasyon yo bay opinyon sou pwosesis enstalasyon an. Lè li rann li pi fasil pou Nouyòkè yo fè tranzisyon nan veyikil elektrik, lejislasyon sa a pral kontribiye nan objektif Eta New York pou atenn 850,000 veyikil zewo emisyon disi 2025, epi pou tout nouvo veyikil pasaje yo se zewo emisyon disi 2035.

"Nou ap pwovoke tranzisyon New York nan transpò pwòp nan retire baryè pou posede ak chaje yon veyikil elektrik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li pa sifi pou ankouraje Nouyòkè yo achte veyikil elektrik - nou dwe bati enfrastruktir vèt ki pral pouse Nouyòkè yo chwazi mòd transpò ki pi pwòp ak pi ekolojik. Administrasyon mwen an pral kontinye avanse objektif transpò zewo emisyon nou yo, epi lejislasyon sa a pral benefisye klima nou an ak sante kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Lejislasyon (S.8518A /A.6165A) pral ede retire baryè ki genyen nan enstalasyon estasyon rechaj veyikil elektrik sou pwopriyete prive. Ogmante adopsyon veyikil elektrik yo esansyèl pou New York kapab atenn objektif emisyon yo, men san yo pa gen yon rezo estasyon rechaj solid, Nouyòkè yo ka dekouraje pou yo wè veyikil elektrik yo kòm altènativ reyalis pou veyikil ki mache ak gaz. Lejislasyon sa pral anpeche asosyasyon pwopriyete kay yo entèdi pwopriyete kay yo enstale estasyon rechaj yo sou pwopriyete prive yo pandan y ap pèmèt asosyasyon yo bay opinyon sou pwosesis enstalasyon an. Nouvo lwa a pral mande pou nenpòt ki refi aplikasyon yon pwopriyete kay pou enstale yon chajè veyikil elektrik dwe fèt alekri epi li dwe gen yon deskripsyon detaye sou rezon ki fè li refize a. Si pa gen okenn refi alekri yo bay pwopriyete kay la nan 60 jou,

aplikasyon an ap konsidere kòm apwouve sof si reta apwobasyon an te lakòz asosyasyon pwopriyetè kay la yon demand rezonab pou plis enfòmasyon.

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Fè li pi fasil pou Nouyòkè yo posede yon machin elektrik esansyèl pou konbat kriz klimatik la lokalman epi atenn objektif transpò zewo emisyon eta nou an. Mwen ekstrèmman fyè pou m patwone lejislasyon an patenarya ak Manm Asanble Harvey Epstein ki elaji konstriksyon enfrastrikti rechaj kay la epi ki ede asire New York rete devan yon avni enèji pwòp. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa mwen an epi pou angajman solid li pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a."

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, "Nan New York, n ap fikse objektif odasye pou adopsyon veyikil elektrik yo. Li fè pati estrateji nou an pou diminye emisyon jan yo mande sa nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Men, pou fè chanjman an, nou dwe asire nou gen enfrastrikti rechaj ki koresponn. Lejislasyon nou an fè li pi fasil pou Nouyòkè yo kondui elektrik lè li retire baryè pwopriyetè kay yo ka rankontre lè y ap chèche enstale yon chajè EV lakay yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li rekonèt ijans ki te dèyè ogmantasyon adopsyon EV la."

Lejislasyon sa a pral ede avanse [objektif Eta New York](#) pou atenn 850,000 veyikil zewo emisyon vè 2025 ak pou tout nouvo veyikil pasaje yo pou yo se zewo emisyon disi 2035. New York ap fè objektif sa yo avanse rapidman atravè yon seri inisyativ ki genyen ladan l [EV Make Ready \(Prepare Veyikil Elektrik\)](#), [EVolve NY](#), [Drive Clean Rebate \(Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik\)](#), [Pwogram Koupon Motivasyon pou Kamyon New York \(New York Truck Voucher Program, NYTVIP\) la](#), ak [Charge NY \(Rechaje NY\)](#). Efò sa yo te kontribye ak yon ogmantasyon rekò nan kantite machin elektrik yo vann nan New York an 2021, k ap pote kantite total EV sou wout la apati septanm 2022 a pou plis pase 114,000 ak kantite estasyon rechaj nan eta a nan plis pase 10,000, sa ki gen ladan chajè Nivo 2 ak chajè rapid.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100

pousan nan sektè enèji solè a ki distribye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a dis 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418